



## NEW YORK CITY DEPARTMENT OF HEALTH AND MENTAL HYGIENE

Thomas R. Frieden, MD, MPH  
Commissioner

Chè Paran,

Yo voye dokiman sa a ba w pou yo ka reponn nenpòt kesyon ou ta ka genyen sou nouvèl yo fèk rapòte sou *swine flu* yo konfime nan yon lekòl leta ki nan Queens. N ap travay nan tèt ansanm avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal *Department of Health and Mental Hygiene*(DOHMH) konsènan direksyon n ap bay nan sitiayson sa a. Li enpòtan anpil pou nou rete vijilan nan sitiayson sa a, men tou pou nou rete kalm. Si w bezwen plis enfòmasyon tanpri rele 311 oswa rele doktè fanmi an.

### **Swine Influenza: Enfòmasyon pou paran**

#### **Kisa Swine Influenza ye?**

*Swine Influenza* se yon enfeksyon respiratwa ke jèm enfluenza pwodui ki lakozi epidemi nan kochon. Gen rapò ki fè konnen gen ka maladi grav ak lanmò nan Meksik akoz *swine flu*, men ka yo fèk konfime nan Etazini yo pa grav.

#### **Ki sentòm swine influenza?**

Sentòm swine influenza yo sanble ak sentòm grip nòmal moun genyen epi li vini ak lafyèv, tous, gòj fè mal, kò fè mal, kò kraze, tèt fè mal, frison ak fatig. Kèk moun gen dyare ak vomisman ki mache ak *swine flu*.

#### **Eske gen danje pou pitit mwen an ale lekòl?**

Jiska prezan se sèlman yon lekòl, St. Francis Preparatory nan Queens, ki fèmen. Pa gen okenn rezon pou moun kenbe timoun ki an sante lakay yo. Si yon timoun gen lafyèv oswa si li gen pwoblèm pou l respire li ta dwe rete lakay li jiskaske li pa malad ankò.

#### **Ki sa k ap pase si yon elèv malad?**

Enfimyè a ap egzamine elèv la. Si enfimyè a panse elèv la ka gen influenza, y ap separe elèv la ak lòt elèv yo epi y ap voye l lakay li. Elèv la pa ta dwe pran otobis lekòl la. Elèv ki gen sentòm grip la pa ta dwe retounen lekòl jiskaske yo pa gen sentòm yo ankò pandan 1 oswa 2 jou.

#### **Kisa k ap pase si yon anplwaye lekòl la gen sentòm grip la?**

Moun lan pral lakay li epi li pa p retounen lekòl la jiskaske li pa gen sentòm yo ankò pandan 1 oswa 2 jou.

#### **Ki mezi netwayaj y ap pran pran si yon timoun oswa yon manm estaf la malad?**

Y ap netwaye kote timoun ki malad la te ka kontamine ak dezenfektan.

#### **Èske yo ka trete influenza?**

Wi. Medikaman kont mikwòm yo travay pi byen si yo kòmanse pran yo imedyatman apre maladi a rantre (nan entèval 2 jou apre sentòm yo parèt). Li enpòtan anpil pou yo

trete moun ki malad grav yo ak moun ki déjà gen lòt maladi (tankou dyabèt, maladi kè, maladi poumon).

### **Kòman swine enfluenza pwopaje?**

Kochon ka transmèt mikwòm *swine flu* dirèkteman ba moun epi moun ka transmèt li dirèkteman ba kochon. Moun ka bay lòt moun li tou, Epi sanble se sa ki rive nan ka epidemi sa a. Kontaminasyon an fèt anpatikilye nan touse ak nan etènye Moun ka vin enfekte lè yo manyen yon bagay ki gen jèm grip la sou li epi apre yo manyen bouch yo oswa nen yo.

### **Kòman mwen ka pwoteje tèt mwen kont swine Influenza?**

Men pi bon mwayen pou evite pran swine Influenza oswa pou l pa pwopaje:

- Ankouraje tout moun kouvri bouch yo ak nen yo lè y ap touse oswa lè y ap etènye.
- Lave men w souvan ak savon epi ak dlo, espesyalman apre w fin touse oswa etènye Dezenfektan pou men ki gen alkòl ladan yo efikas anpil tou.
- Eseye evite rete pre moun ki malad.
- Si w malad, limite kontak ou ak lòt moun pou pa enfekte yo.

Se menm prekosyon ak prekosyon pou sezón grip ak plizyè lòt enfeksyon respiratwa.

26 avril 2009